

Pou Piblikasyon Imedya: 19/08/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO LANSE SONDAJ NAN TOUT ETA A KI PÈMÈT NOUYÒKÈ YO
CHWAZI NOUVO KONSEPSYON PLAK IMATRIKILASYON ETA A**

Nouyòkè yo ap Vote pou Sa yo Prefere a nan Senk Konsepsyon ki Pwopoze yo

***Konsepsyon ki Genyen an Pral Vini Plak Imatrikilasyon Ofisyèl New York lan epi
Li Pral Disponib an Avril 2020***

Lanse Nouvo Pwogram Ranplasman Plak Imatrikilasyon pou 10 Ane a

Gouvènè Andrew M. Cuomo te lanse jodi a yon sondaj nan tout Eta a pou seleksyone nouvo konsepsyon plak imatrikilasyon Eta New York lan. Vòt la - ki te ouvè jodi a sou [sitwèb Gouvènè a](#) - ap dire jiska lendi, 2 Septanm epi li pral pèmèt Nouyòkè yo chwazi sa yo prefere a pami senk konsepsyon ki pwopoze a. Vòt la pral disponib tou pou piblik la nan ekspozisyon Gouvènè a nan Gran Fwa Eta New York (Great New York State Fair) lan ki ap kòmanse 21 Out lan. Plak imatrikilasyon ki genyen plis vòt la pral vini plak imatrikilasyon ofisyèl Eta a epi li pral disponib pou kliyan yo apati Avril 2020.

"Plak imatrikilasyon yo se senbòl kiyès nou ye kòm yon Eta epi Nouyòkè yo ta dwe gen yon vwa ak yon vòt nan konsepsyon final li a", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Kòm dire lavi ansyen plak yo rive nan fen li epi nou devlope nouvo lòt ki fasil menm jan an pou li plis posib, mwen ankouraje tout abitan yo pou patisipe nan chwazi pyès sa a nan istwa Eta nou an epi Fwa Eta a se yon kote ideyal pou fè sa."

Nouvo plak yo pral ranplase plak Ble ak Blan Empire (Empire Blue & White) ki ansyen yo, majorite nan yo gen plis pase 10 ane. Yon fwa nouvo plak yo vini disponib, Depatman Veyikil ak Motè (Department of Motor Vehicles, DMV) a pral sispann bay tou plak Lò Empire (Empire Gold) yo epi kòmanse fè tranzisyon totalman nan nouvo konsepsyon an.

Komisè Depatman Veyikil ak Motè a, Mark J. F. Schroeder te deklare, "Lè a rive pou New York genyen yon nouvo plak imatrikilasyon, se pou sa nou te travay di pou kreye opsyon konsepsyon yo ki non sèlman kaptive kè Empire State lan, men tou ke kliyan nou yo pral fyè pou mete sou veyikil yo a. Mwen espere chak moun nan tout Eta a pral pran kèk minit pou vizyalize opsyon yo epi vote pou chwa pa yo a".

Konkou a lanse yon nouvo pwogram ranplasman plak imatrikilasyon pou 10 ane a pou asire tout plak imatrikilasyon New York yo sou wout yo refleksif epi fasil pou li. Aktyèlman, plis pase 3 milyon veyikil nan Eta New York genyen plak ansyen ki gen 10 ane oswa plis. Akòz laj yo a, anpil nan yo andomaje, okside epi ap dekalè, sa ki rann li difisil oswa enposib pou li nimewo plak imatrikilasyon. Genyen yon plak imatrikilasyon ki

lizib ap redwi risk pou yo mete a kote yon kondiktè oswa ba li yon kontravansayon paske li genyen plak imatrikilasyon ki ilizib.

Pwogram lan sipòte tou efò Gouvènman an yo pou modènize gwo sistèm transpò New York lan. Ranplase plak imatrikilasyon ki ansyen yo pral elimine kesyon lizibilite yo ki anpeche Pwogram pou Li Plak Imatrikilasyon yo, ke fòs lapolis yo, kamera limyè wouj yo ak sistèm pasaj san lajan kach yo itilize a, idantifye kòrèkteman pwopriyetè veyikil ki anrejistre a.

Apati Avril 2020, atravè pwogram ranplasman plak la, tandiske kliyan yo ap renouvle anrejistreman veyikil yo a pandan de pwochen ane yo, yo pral bay nouvo plak ak sila yo ki gen plak imatrikilasyon ki gen 10 ane oswa plis yo. Frè ranplasman plak imatrikilasyon aktyèl 25 dola a pral ajoute sou depans renouvèlman anrejistreman pwopriyetè veyikil la. Kliyan yo gendwa kenbe tou nimewo plak imatrikilasyon aktyèl yo a pou yon frè adisyonèl 20 dola. Emisyon plak yo ap kòmanse pou emisyon orijinal ak renouvèlman yo 1e Avril 2020.

Anplis plak imatrikilasyon ofisyèl Eta a, DMV a ap ofri plis pase 200 plak imatrikilasyon pèsonalize, majorite ladan yo sipòte kòz charitab yo. Nou kapab jwenn yon lis konplè plak pèsonalize ki disponib yo sou sitwèb DMV a nan <https://dmv.ny.gov/plates/plates>.

###

Lèt nouvell disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)